

KONSÈY POU KONDI NAN MOVE TAN FRÈT KI EKSTRÈM

Depatman Sante nan Merilann lan ankouraje chofè yo pou pare epi pou estoke machin byen yo lè yo ap vwayaje nan tan frèt ki ekstrèm epi tou lè genyen previzyon move tanpèt nèj livè. Men kèk konsèy:

ESTOKE MACHIN OU

Asire w machin ou estoke avèk:

- Flach rechajab
- Selilè ak chajè
- Manje ak dlo an rezèv
- Tòch
- Zouti: dyak, twousò kle wou, pèl
- Kat wout
- Kouvreli / Sak pou dòmi
- Rad ki kenbe cho siplemantè, bòt, manto ak gan
- Atik pou premye swen
- Kanif
- Alimèt oswa brikè
- Kab boustè pou batri
- Kouto ak bwòs pou retire glas ak nèj
- Papyè twalèt
- Rezèv likid pou lave
- Chenn oswa kawotchou
- Ti pèl pou debleye nèj
- Sak gravye pou pran traksyon anba wou

BLOKIS NAN SIKILASYON MACHIN

Si ou pran nan yon blokis oswa machin ta vin anpàn, kanpeak machin la. Kite motèak aparèy chofaj machin nan mache pandan ti bout entèval. "Kase" yon fenèt nan machin nan pou anpeche monoksid kabòn akimile. Koute radyo ou pou tande dènye enfòmasyon sou sikilasyon ak ijans. Bwè likid pou anpeche dezidratasyon.

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept



MARYLAND DEPARTMENT OF HEALTH
Office of Preparedness
and Response